दिन—गुरूवार दिनांक—28.08.2025

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

केन्द्रीय मंत्रिमंडल प्रधानमंत्री रेहड़ी—पटरी विक्रेता आत्मनिर्भर निधि— पीएम स्वनिधि योजनाक पुनर्गठन के स्वीकृति दऽ देलक अछि। मंत्रिमंडल एकतीस दिसम्बर दू हजार चौबीस सँ आगांक अवधि विस्तार के सेहो अनुमोदन कयलक। एकरा आब एकतीस मार्च दू हजार तीस धरि बढ़ा देल गेल अछि। योजनाक कुल परिव्यय सात हजार तीस सय बत्तीस करोड़ टाका अछि। एहि योजनाक लक्ष्य पचास लाख नव लाभार्थी सहित एक करोड़ पंद्रह लाख लाभार्थी के लाभ पहुंचेबाक अछि। मंत्रिमंडलक आर्थिक कार्य समिति भागलपुर सँ जमालपुर धरि तेसर रेल लाईनक निर्माण के सेहो मंजूरी देलक अछि। एकर निर्माण पर एक हजार एक सय छप्पन करोड़ टाकाक लागति आओत। एहि परियोजना के तीन वर्ष मे पूरा करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि।

---

प्रधानमंत्री जन—धन योजना के आइ एगारह वर्ष पूरा भऽ गेल। ई दुनियाक सभ सँ पैघ वित्तीय समावेशन पहल मे सँ एक अछि। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी पंद्रह अगस्त दू हजार चौदह के लाल किलाक प्राचीर सँ एकर घोषणा कयने छलाह। अठाईस अगस्त के कार्यक्रमक शुभारंभ करैत प्रधानमंत्री एहि अवसर के गरीबक दुष्चक्र सँ मुक्तिक उत्सव जनौलनि अछि।

---

राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां कहलनि अछि जे संसद मे जतऽ कानूनक निर्माण होइत अछि, ओहि ठाम अमर्यादित भाषाक प्रयोग निंदनीय अछि। श्री खां आइ दरभंगा मे पत्रकार लोकनि के संबोधित करैत ई बात कहलनि। एहि सँ पूर्व राज्यपाल ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय मे एक संगोष्ठी के उद्घाटन करैत कहलनि जे जतऽ मत्स्य न्याय नहि होबय ओ धार्मिक समाज थीक। ई संगोष्ठी प्राचीन आ आधुनिक दण्ड व्यवस्था विषय पर आयोजित कयल गेल। संगोष्ठी के संबोधित करैत दरभंगाक सांसद गोपाल जी ठाकुर कहलनि जे देश मे एखन कानून मे संशोधन आ नव कानून बनाओल जा रहल अछि। संगोष्ठी के प्रदेशक भूमि सुधार आ राजस्व मंत्री संजय सरावगी, ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक कुलपति

प्रोफेसर संजय कुमार चौधरी आ कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालयक कुलपति प्रोफेसर लक्ष्मीनिवास पांडेय सेहो संबोधित कयलनि।

————————————————————

एनडीएक विधानसभावार कार्यकर्त्ता सम्मेलनक दोसर चरण आइ सँ शुरू भऽ गेल। ई चरण तीस अगस्त धरि चलत। कार्यकर्त्ता सम्मेलन लेल एनडीए नेता लोकनिक चौदह दल बनाओल गेल अछि। दल मे गठबंधनक सभ घटक दलक नेता सम्मिलित छथि। आइ बरारी, पिपरा, बेलदौर, मोरबा, राजपुर, फारबिसगंज, गरखा आ आरा मे सम्मेलन भेल।

————————————————————

न्यायमूर्ति पी.बी. बजन्थरी पटना उच्च न्यायालयक कार्यकारी मुख्य न्यायाधीश हेताह। एहि संबंध मे केन्द्रीय विधि मंत्रालय अधिसूचना जारी कऽ देलक। पटना उच्च न्यायालयक मुख्य न्यायाधीश विपुल मनु भाई पंचोली के सुप्रीम कोर्टक न्यायाधीश नियुक्त कयलाक बाद न्यायामूर्ति पी.बी. बजन्थरी के कार्यकारी मुख्य न्यायाधीश नियुक्त कयल गेल छनि।

————————————————————

प्रदेश मे चलि रहल मतदाता विशेष गहन पुनरीक्षण एसआईआरक अंतर्गत दावा–आपत्ति आ दस्तावेज जमा करबाक लेल आब पांच दिन शेष रहि गेल अछि। चुनाव आयोग ताज बुलेटिन मे कहलक अछि जे राज्य मे चलि रहल विशेष गहन पुनरीक्षण अभियानक अंतर्गत मात्र भाकपा माले दिस सँ उनासी दावा आ आपत्ति दर्ज कराओल गेल अछि। जखनकि राजद दिस सँ तीन आवेदन देल गेल अछि। दावा–आपत्ति लेल अंतिम तिथि एक सितंबर अछि। जखनकि तीस सितंबर के अंतिम मतदाता सूची प्रकाशित कयल जायत।

————————————————————

खुफिया विभाग बिहार मे जैश–ए–मोहम्मदक तीन कुख्यात आतंकवादीक प्रवेशक सूचना देलक अछि। एहि के लऽकऽ पुलिस मुख्यालय अलर्ट जारी कयलक अछि। ई तीन आतंकवादी नेपालक बाटे भारत मे प्रवेश कयलक अछि। पुलिस तीन आतंकवादीक नाम आ फोटो सार्वजनिक कऽ अग्रेतर कार्रवाई मे लगि गेल अछि।

————————————————————

बिहार विद्युत विनियामक आयोग भागलपुरक पीरपैंती मे प्रस्तावित राज्यक सभ सँ पैघ बिजली घरक निर्माण के मंजूरी दऽ देलक अछि। ऊर्जा मंत्री विजेन्द्र प्रसाद यादव जनौलनि जे एहि ठाम सँ कुल दू हजार चारि सय मेगावाट बिजलीक उत्पादन होयत।

———————————————————

प्रदेश मे पछिला चौबीस घंटा मे मॉनसूनक गतिविधि कमजोर रहल। एहि अवधि मे मधुबनी जिला मे सभ सँ बेसी तिरेपन दशमलव पांच मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग कहलक अछि जे अगिला तीन चारि दिन धरि अधिकांश भाग मे अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि।

———————————————————

समाप्त